

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Tina hasil panalungtikan kapanggih sababaraha hal di antarana yén kasenian terbang buhun téh asalna ti Cirebon. Fungsi awalnana dipaké pikeun nyebarkeun agama Islam di jaman para wali (wali sanga). Salah saurang wali nu nyebarkeun agama Islam di tatar Sunda téh nyaéta Sunan Gunung Jati. Kiwari mah kesenian terbang buhun téh sok dipaké dina acara-acara taunan saperti: acara ngaruwat (ruwatan), hajat lembur, nikahan, sunatan, jrrd. Terbang buhun anu aya di Majalaya mimiti disebarkeun ku Eyang Wangsakusumah (abad ka-18) biasana dipintonkeun di buruan, malah tara maké panggung cukup ku ngampar di handap. Demi fungsi kesenian terbang buhun ngurung dina eta aspék (1) Seni Terbang buhun fungsi religi atawa kaagamaan jeung (2) seni Terbang buhun pikeun fungsi réaksi/hiburan. Eusi lantunan seni terbang buhun téh minangka sholawat ka Kangjeng Nabi Muhammad jeung kitab berjanji. Di tilik tina pintonanana, taun ayeuna mah ngalaman parobahan. Loba grup atawa lingkung seni terbang anu madukeun maké alat musik atawa waditra nu *modern*, beuki majuna jaman nambahan deui ogé motékar palaku-palaku seniman terbang ieu.

Ari prak-prakan dina mintonkeun kasenian terbang buhun aya dua, nyaéta kagiatan anu di buruan atawa nu di jero imah jeung kagiatan nu di luar buruan atawa nu di luar imah. Kagiatan saméméh pintonan nyaéta nyayagikeun sasajén jeung menyan. Ditilik tina fungsina, sasajén jeung menyan téh minangka wangun ngahormat/ngamulyakeun ka karuhun. Dina acara ruwatan atawa acara hajatan pihak ti nu ngabogaan hajat, biasana sok nangtukeun waktu nu cocog keur ngayakeun hajatan. Nangtukeun waktu biasana sok mercayakeun ka jalma nu geus loba pangalaman dina titimbangan poé nu alus jeung mana poé nu teu alus, ku cara ménta bantuan ka hiji dukun. Sabérésna éta kasepakatan antara pihak nu ngaboga hajatan jeung pihak palaku ti seni Terbang buhun, ngeunaan kasadiaanna atawa biaya, terus saataos éta ngarancanakeun deui hal-hal lianna.

Ajén éstétika dina kasenian Terbang nu ditilik dina ieu panalungtikan aya tilu unsur nyaéta: wujud, eusi, jeung pintonan. Kesenian Terbang buhun mangrupa

**Jihan Nur Annisa, 2019**

*KESENIAN TERBANG BUHUN DI KECAMATAN MAJALAYA KABUPATEN BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL BUDAYA DI SMA (Ulukan Éstétika jeung Sémiotika)*  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

wujud tina kaparigelan seniman nu ngajanggélék jadi hiji karya seni nu bisa diajén jeung diapresiasi. Wujud anu utama dina Kesenian Terbang buhun nyaéta Terbang buhun. Anapon wujud primer jeung sekunder tina Kesenian Terbang buhun nyaéta ayana unsur seni rupa unsur seni musik jeung seni tari anu marengan Kesenian Terbang buhun. Eusi dina karya seni mangrupa ma'na nu dirasakeun tina naon nu geus dipidangkeun. Dina Kesenian Terbang buhun aya amanat anu hayang ditepikeun ku seniman nyaéta dina wangun Kesenian Terbang buhun nu ayana bahan-bahan nu disabudeureun nyaéta sasajén, miboga ma'na yén alam gedé pangaruhna dina kahirupan manusa nu kudu dijaga jeung dipiara. Salah sahiji bagéan dasar anu dipiboga ku sakabéh barang seni atawa *peristiwa* kasenian nyaéta pintonan. Pintonan kesenian Terbang buhun diwangun ku unsur seni musik jeung seni tari nu silih deudeul pikeun ngawangun pintonan anu hade tur nyugemakeun. Dina seni terbang ieu mere conto ka masarakat dina prungna kudu ragem silih bantu jeung silih gerak, nu engkena baris ngahasilkeun hal nu éndah jeung alus.

Kesenian Terbang buhun ogé ngandung unsur sémiotik anu nyangkaruk dina aspek pamaén, pakakas, waditra, jeung prak-prakanana. Dina unsur sémiotik ikon nu kapanggih dina kesenian terbang buhun aya tujuh, Nyaéta: (1) Abah Paat, (2) buruan, (3) nyiru, (4) parukuyan, (5) pangsi, (6) iket, (7) kabaya. Indéks nu kapanggih dumasar sabab akibat dina kesenian Terbang buhun aya genep nyaéta: (1) haseup, (2) maca mantra, (3) maca doa, (4) tawasulan/sholawatan, (5) nyadiakeun sasajén, (6) kasurupan jeung simbol anu nyangkaruk dina kesenian Terbang buhun aya genep nyaéta: (1) terbang buhun, (2) kembang, (3) roko, (4) paré, (5) cai kopi, (6) dawegan, jeung (7) sasajén.

Unsur semiotik dina kesenian terbang buhun ieu jumlah nu leuwih dominan aya di ikon jeung simbol. Hal éta jumlah ikon aya 7 jeung jumlah simbol aya 7. Nu jadi sabab ikon jeung simbol ngabogaan jumlah nu leuwih dominan, lantaran alat jeung bahan dina kesenian terbang buhun nu ngabogaan peran penting. Jumlah minoritas unsur semiotik dina kesenian terbang buhun nyaéta aya 5 indéks. Nu jadi sabab indéks jumlahna leuwih saeutik ti ikon jeung simbol nyaéta saeutikna hubungan saba jeung akibat dina ieu kasenian terbang buhun.

Patalina jeung bahan pangajaran, tétéla kasenian terbang buhun téh nyumponan kana kriteria dina milih bahan pangajaran jeung nyusun bahan ajar. Unsur-unsur dina kasenian terbang buhun téh mibanda ajén-inajén anu hadé, aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuhan luyu pikeun ngawangun karakter siswa sarta kapribadian di sakola.

## 5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil analisis data jeung kacindekan, aya sawatara rékoméndasi pikeun lajuning laku panalungtikan satuluyna, hususna maca artikel ngeunaan kasenian. Dipiharep ieu panalungtikan ngeuyeuban deui kana kajembaran kasenian tradisional nu aya di Jawa Barat. Hususna nyaéta kasenian terbang buhun nu aya di kecamatan Majalaya kabupatén Bandung, sangkan kasenian ieu téh teu leungit, aya sababaraha rékoméndasi di antarana pikeun **Lembaga Kasenian** dipiharep bisa ngainvétalesir kana budaya jeung seni, hususna kabudayaan nu aya di Tatar Sunda. **Guru** dipiharep bisa ngamangpaatkeun hasil panalungtikan nu luyu jeung Rencana Perencanaan Pembelajaran (RPP) nu aya di BAB IV. **Mahasiswa** bisa ngayakeun deui panalungtikan dina Kesenian Terbang buhun, sangkan bisa ngaguar hal-hal séjénna.